


APAREY NIKLEYE ENPWOVIZE

Yon aparèy Nikleyè Enpwovize (IND nan lang angle) se yon kalte zam nikleyè. Lè yon IND esploze, li lage kat kalte enèji: yon ond chòk, yon gwo limyè, chalè ak radyasyon. Bonm ki te lage sou Hiroshima, nan peyi Japon nan fen Dezyèm Gè Mondyal la se yon IND.

Lè yon IND esploze, li kreye yon gwo boul dife. Tout bagay anndan boul dife sa a evapore epi monte. Sa kreye yon nyaj ki gen fòm chanpiyon. Materyo ki nan nyaj la refwadi pou tounen patikil ki tankou pousyè epi retonbe sou tè a. Van kapab pote patikil ki tonbe yo epi vwayaje ale plizyè mayl de kote esplozyon an fèt la. Patikil ki tonbe yo radyoaktif epi yo kapab kontamine nenpòt bagay yo tonbe sou li.



Kisa ki prensipal danje yon Aparèy Nikleyè Enpwovize?

Yon IND kapab lakòz gwo destriksyon, lanmò, ak blesi epi zòn li frape a gran Moun ki pre kote esplozyon an fèt la kapab sibi bagay sa yo:

- Blesi oswa lanmò (nan dènye ond chòk la)
- Boule lejè jiska sa ki grav (nan chalè ak dife)
- Avèg (akòz gwo limyè a)
- Maladi radyasyon, yo rele tou sendwòm radyasyon egi oswa ARS nan lang angle (akoz radyasyon ki lage a)

Moun ki rete pi lwen kote esplozyon an fèt la, men ki sout wout patikil ki tonbe yo kapab gen sante yo afekte akòz:

- Sa ki tonbe sou kò yo oswa rad yo (kontaminasyon estèn) oswa anndan kò yo (kontaminasyon entèn)
- Maladi radyasyon
- Manje ak sous dlo kontamine

Kisa mwen ta dwe fè pou pwoteje tèt mwen?



U.S. Department of
Health and Human Services
Centers for Disease
Control and Prevention

<http://emergency.cdc.gov/radiation>